

Pou enèji an menm, si mayi a twò chè, elvè a gen dwa bay poul yo bwè ji kann. Yo ka moulen kann nan ti moulen "kwap kwap" yo. Si elvè a pa jwenn ji kann nan, li gen dwa sèvi ak rapadou. Fwi tankou mango se gwo sous enèji. Epòk mango, yo konn rete ap gaspiye. Yo kapab seche mango yo oubyen lòt fwi ak lam veritab. Tout viv tankou tèt manyòk ak tout lòt tibèkil, se sous enèji tou. Pa bliye, fèy vèt yo ak fwi yo gen anpil vitamin tou.

Seche tout eleman sa yo tankou : mango, veritab, ak fèy benzoliv, bay anpil avantaj. Li pèmèt poul la manje plis nan elaman sa yo, san yo pa gonfle epi li pèmèt elvè a konsève manje a pou anpil tan.

Cache toujou byen balanse manje poul yo, yon fason pou li toujou jwenn : pwoteyin, enèji, mineral vitamin ak dlo.

Pa bliye :

Gen yon seri maladi tankou lafyèv poul (Nyoukastèl), ki konn detwi elvaj nou yo. Gen lòt tankou mikwòb H5N1 ki kòz grip volay yo (grip avyè), ki se gwo malè pandye ki ka fè gwo dega tou. Pou ka evite malè sa yo, men kèk lòt amelyorasyon nou dwe pote nan elvaj poul nou yo:

1- Se pou nou separe espas kote poul yo ap mache, fè ti pak pou yo, konsa yo pap gaye nan tout vwazinaj. Pran prekosyon pou nou evite moun fè rantre-soti kote n ap gade poul yo. Nenpòt moun

5

ka pote anba soulye li rès watè yon poul ki te malad, pote l vini nan elvaj pa w la. Se konsa maladi konn gaye.

2- Chak elvè dwe konstwi yon ti kay pou rasanble poul yo lanwnit. Sa ap pèmèt nou vaksinen yo pi fasil oubyen dekouvri yon poul ki malad epi ba l swen. Ak ti kay la, N ap ka ranmase watè poul yo tou, pou fè angrè natirèl pou jaden yo.

3- Sèvi ak pousinyè (Gade foto a nan premye paj la) pou leve ti poul yo. Premye semèn ti poul yo fèt, fòk ou kenbe ni manman an, ni tout ti poul yo anba pousinyè a. Apre yon semèn ou lage manman an, men wap kontinye kenbe ti poul yo pou 6 semèn ankò (total 7semèn) anba pousinyè a. Konsa, manmamn poul la ap rekoumanse ponn pi rapid epi sa ap pèmèt nou pwoteje ti poul yo, kont lòt bèt voras ki konn touye yo. Ti poul sa yo, lè y ap grandi, yap pran abitud rete pi pre kay la.

4- Fè tretman pou poul kont vè nan trip, epi kont pou k ap ravaje plim sou yo epi souse san yo tou.

5- Vaksinen poul nou yo kont maladi Nyoukastèl.■

ti fèy sa a se Agropres, Entèvèt ak Veterimed
ki ekril ak sipò Oxfam

@ Sektanm 2008

6



POTE AMELYORASYON NAN ELVAJ POUL OU YO

Pote amelyorasyon nan elvaj poul ou yo

Jounen jodi a, gadinaj poul se yon aktivite ki ka rapòte anpil. Nan ti fèy sa a, nou pwal ba wou kèk konsèy sou kijan, ou menm ti elvè, ou ka pote amelyorasyon nan fason ou gade poul yo, kap pèmèt ou fè plis lajan.

An nou Bay poul yo bon manje

Poul pa menm jan ak kabrit ak bèf. Bèt sa yo jwenn tout sa yo bezwen nan zèb yap manje. Poul la dwe manje plizyè kalite bagay pou l jwenn tout sa l bezwen pou l ka byen devlope, byen grandi, fè vyan sou zo l epi ponn ze. Kouman nou kapab amelyore kalite manje yo ?

Poul yo dwe jwenn nan manje yo kèk eleman enpòtan tankou : Pwoteyin, Enèji, Mineral vitamin ak Dlo



fè elvaj vètè pouw ka jwenn plis pwotein

2

Pwoteyin

Pwoteyin se eleman ki ede ti poul la grandi, pou li bati kòl. Li pèmèt li fè vyann, ede l pouse plim sou kòl. Pwoteyin ede manman poul yo ponn ze. Poul la jwenn pwoteyin nan tout ti bèt lap manje, ti bèt tankou krikèt, ravèt, cheni, vètè, nan grenn pwa ak nan kèk fèy espesyal tankou benzoliv, lesena elatriye. Pwoteyin se tankou feray ki fè kò yon machin.

Enèji

Enèji a, se li ki pèmèt poul la gen fòs pou mache, monte bwa, batay, chante elatriye. Enèji se tankou gaz ki pèmèt yon machin vanse. Poul jwenn enèji nan mayi ak nan nenpòt lòt sereyal, tankou pitimi, diri, ak nan farin tankou farin veritab, nan fwi ki dous yo tankou mango ak nan ji kann. Tout viv tankou manyòk, patat, bannann, bay anpil enèji tou.

Mineral

Mineral yo tankou kalsyòm, se sa poul la dwe jwenn ki pou pèmèt li fè zo ak ede l fè kal ki sou ze l ap ponn nan. Poul la jwenn kalsyòm nan, poud zo l ap manje, nan sab, tif blanch epi nan po ze li jwenn sou wout li. Manman poul k ap ponn bezwen anpil kalsyòm.

Dlo

Dlo se sous lavi. Poul la bezwen bon jan dlo fre ki

3

pwòp. Tout elvè dwe veye pou poul yo jwenn dlo toutan, tout kote yap fè ale vini.

Elvaj poul blanch

Pou sa ki konsène elvaj poul blanch lan, nan gran fèm yo, yo plis sèvi ak manje ki soti nan peyi etranje, ki gen tout eleman enpòtan pou l bezwen. Yo fabrike manje sa yo sitou ak soja ki se yon pwa ki bay pwoteyin epi ak mayi ki bay enèji a. Yo ajoute nan manje sa yo poud ki gen vitamin ak mineral. Manje sa yo koute anpil lajan.



fè seche lam veritab

Elvaj poul peyizàn

Pou yon ti elvè ki pa gen twòp poul epi ki pa vle depanse twòp kòb nan achte manje etranje, li ka jwenn lòt mwayen pou prepare manje pou poul li yo. Sa ap pèmèt li fè plis benefis. Pou jwenn plis pwoteyin, elvè a ka fè elvaj vètè epi plante benzoliv, fè seche fèy yo epi bay poul yo manje l.

4